



READ USA

GID KOLABORASYON READ USA

Kolaborasyon se nan AND nou.



Patenarya Kominotè READ USA

READ USA angaje nan apwòch enpak kolektif ki pwouve pa rechèch pou l atenn konpetans lekti nan nivo klas nan Konte Duval ak pi lwen gras ak patenarya solid nan tout sektè yo. Lidèchip READ USA angaje totalman nan efò kolaborasyon sa yo epi li jwe yon wòl fondamantal nan plizyè ladan yo. Ansanm, nan patenarya, nou ka deplase zegwi a pi vit ak pi lwen nan konble vid alfabetizasyon an ak pou gen yon enpak kolektif alontèm, pozitif nan kominote nou an.

Kanpay Lektè Nivo-Klas

READ USA fyè pou l nan fondasyon kreyasyon ak lansman Read Jax, Kanpay Lektè Nivo-Klas ki konsantre sou konble vid alfabetizasyon an. READ USA sèvi tankou yon veyikil pou pote yon pwogram inovatè, ki gen ladann Chwa Liv, ak Pwopriyete, Leson Patikilye Alfabetizasyon, pwogram alfabetizasyon Miltikiltirèl ak Devlopman Pwofesyonèl Alfabetizasyon pou Edikatè pou elèv y oak pwofesè nan kominote nou an.

READ USA kolabore tou ak LIFT JAX pou konble vid nan alfabetizasyon nan zòn Lès Jacksonville. Espesyalman, nou travay depre ak LIFT JAX pou bay elèv John Love Early Learning Center ak Long Branch Elementary yo opòtinite Alfabetizasyon.

Inisyativ 1,000 dis 2025

READ USA dirèkteman kontribye nan bati yon tiyo pwofesè divès pa rekritman, anbochaj, fòmasyon, ak peye jèn timoun pou yo bay leson patikilye yon ak youn ak enstriksyon alfabetizasyon pou elèv elemantè ki bezwen sipò Alfabetizasyon. Nou fyè pou nou kanpe men-nan-men ak Jacksonville Public Education Fund (JPEF) nan efò pou l gen 1,000 moun nwa nan salklas lokal yo dis 2025.

Leson Patikilye Alfabetizasyon READ USA

Pwogram Leson Patikilye Alfabetizasyon READ USA rekrute, anplwaye, antrene, ak peye jèn timoun – yon majorite ladan yo se elèv laj lekòl segondè DCPS e yo soti nan kominote ki pa gen resous – pou livrezon leson patikilye alfabetizasyon pou elèv elemantè yo. Pandan sesyon leson patikilye yo, elèv elemantè yo resevwa leson patikilye youn ak youn ki itilize pwogram etid alfabetizasyon ki baze sou prèv, adapte pou kontèks youn ak youn, Koòdonatè titè ak pwofesè yo bay gid pou titè yo pandan pwogram nan, e READ USA retire yon baryè komen pou jwenn aksè nan bay transpòtasyon pou ale ak soti nan plas travay pou titè yo, avèk sipò finansman ki soti nan Kids Hope Alliance. Plis pase mwaye nan titè READ USA anplwaye yo itilize sèvis sa a pou yo asiste leson patikilye, ki se premye entwodiksyon tou nan mendèv pou plizyè nan titè jèn yo. Aplis de pwogrè elèv lekòl elemantè yo fè nan lekti, titè jèn yo elaji kapasite lekti yo tou pandan y ap akeri bonjan ladrès devlopman mendèv ki ka transfere nan nenpòt ki chemen karyè yo chwazi. Yo peye titè yo \$15/èdtan pou fòmasyon ak leson patikilye, epi potansyèl titè yo ka vizite www.readusainc.com/apply pou aplike pou pwogram nan.



Alfabetizasyon Miltikiltirèl READ USA ak Read Alouds

Bay timoun yo liv ki gen moun ki sanble avèk you, ak istwa ki reflekte pwòp kilti ak ras yo, kontribye nan devlopman apresyasyon tèt ou. Lè timoun yo kominike ak yon istwa oswa liv, yo ka idantifye avèk pèsonaj prensipal la, pèsonaj minè yo, pwoblèm prensipal, oswa lòt karakteristik istwa a. Atravè koneksyon sa yo liv yo sèvi pou transmèt valè kiltirèl ak moral pou timoun yo.

Liv timoun READ USA chwazi pou Pwojè Alfabetizasyon Miltikiltirèl yo otantik nan naratif la, moun k ap bay istwa, ak kilti li reprezante. Pèsonaj ak istwa yo reprezante yon varyete moun ki gen kilti divès e ki pa byen reprezante.

READ USA nan patenarya ak plizyè moun lokal ak òganizasyon pou kreye Read Alouds, avèk lidè nan kominote Inivèsite Jacksonville University, Klib Rotaract Plaj Jacksonville, Mize Atizay & Jwèt Cummer, ak lòt bagay. Moun sa yo volontè tan yo pou pataje liv timoun yo pi renmen nan videyo.

Jwenn Aksè nan pwogram Alfabetizasyon Miltikiltirèl ak Read Alouds nou an isit la:



Vin tounen yon volontè READ USA

Volontè yo esansyèl pou ede READ USA aplike pwograj li e an retou eksperimente yon opòtinite ki ka chanje lavi pou toude voontè a ak elèv n ap sèvi yo, Volontè nou yo sipòte Fwa Liv anyèl nou yo ak lòt evènman liv nan ane a.

Vin tounen yon volontè READ USA isit la:



Resous Alfabetizasyon Khan Academy

Khan Academy bay yon varyete resous pou amelyore ladrès alfabetizasyon. Pran etap fasil say o pou w kreye yon kont GRATIS:

- » Vizite www.khanacademy.org
- » Klike "Enskri" epi kreye yon kont gratis.
 - Anplis, ou ka ajoute timoun ki gen de zan ak pi plis!
- » Klike "Kou" pou gen aksède Aktivite Lekti & Langaj – ak lòt si w enterese!
- » Ou ka resevwa dènye enfòmasyon sou tablobò paran an nan siksè pitit ou.
- » Sonje pou w selebre siksè w!



Amelyore Byennèt Mantal Timoun yo

READ USA angaje nan apwòch enpak kolektif ki pwouve pa rechèch pou l atenn konpetans lekti nan nivo-klas nan Konte Duval ak pi lwen gras ak patenarya solid nan tout sektè yo. Lidèchip READ USA angaje totalman nan efò kalaborasyon sa yo epi li jwe yon wòl fondamantal nan plizyè ladan yo. Ansanm, nan patenarya, nou ka deplase zegwi a pi vit ak pi lwen nan konble vid alfabetizasyon an pou gen yon enpak kolektif alontèm, pozitif nan kominote nou an.

1 nan 5 timoun ap viv ak yon gwo maladi mantal

50% nan tout maladi mantal nan lavi a kòmanse nan laj 14 zan

Plis timoun nan pi piti, li pi pa konprann emosyon l yo e li gen mwens fason pou l kominike yo. Li enpòtan pou siveye chanjman nan aktivite chak jou yo oswa woutin, ki gen ladann diferans nan:

- Apeti (ogmante oswa diminye)
- Dòm, nivo enèji, fatig
- Obsèvasyon emosyon ak konpòtman (kriye, chimerik, aji plis, "malèz", rele, kòlè, vyolans, kriz kòlè)
- Entèaksyon sosyal (evite rale soti sou zanmi oswa fanmi)
- Sentòm kòporèl (maltèt lestomak fè mal, souf kout)
- Pèfòmans nan lekòl ak aktivite andeyò lekòl

Kijan pou w kòmanse konvèsasyon

Paran yo gen yon wòl enpòtan nan ankouraje kominikasyon ouvè ak edike pitit yo sou maladi mantal. Nan patenarya avèk On Our Sleeves, Wolfson Children bay zouti edikatif gratis pou ranfòse byennèt maantal, jere kondisyon sante mantal ak anpeche kriz nan jèn yo.

- Itilize kòmansman konvèsasyon On Our Sleeves yo pou w tcheke regilyèman ak poze kesyon.
- Ankouraje itilizasyon ladrès adaptasyon epi pratike yo ansanm pou ede pitit ou rete kalm. Al mache ansanm, pratike egzèsis respirasyon, oswa tande mizik ki kalm se kèk nan egzanp yo.
- Siveye chanjman nan atitid oswa konpòtman ki ka yon siy ki avèti yon bagay pa ale byen.
- Pran konsyans de tranzisyon nan kay ki ka bay estrès.
- Bay estrikti ak woutin otanke posib.
- Pale ak doktè w sou enkyetid ou genyen konsènan sante mantal pitit ou.

Go to WolfsonChildrens.com/OnOurSleeves Pou enskri pou bilten nou an pou enfòmasyon ajou ak resous yo.



Si w bezwen sipò, rele Liy asistans Jèn yo nan 904.202.7900 oswa tèks LIFE to 741741. Si gen yon enkyetid imedyà, rele 911 oswa ale nan sal ijans ki pi pre w la.



Itilize kòd QR sa a pou w gen zouti akè ak resous yo



Kou Lekti



Kou Òdinatè



Kou Matematik



Prep GED

KOU EDIKASYON GRATIS POU GRANMOUN

Rele nou jodia 904-238-9000
OSWA

Vizite sitwèb nou an
literacyallnefl.org/learn-with-us

40 East Adams St
Jacksonville, Florida 32202



Kote opòtinite pran vòl